

LYNN PUBLIC SCHOOLS

*Pwogram Swen Sante Lekòl – 100 Bennett Street, Lynn, MA 01905
(781) 477-7220 Faks: (781) 268-4096*



Otonn 2021

Chè Paran ak Responsab,

FDA a (Administrasyon Manje ak Medikaman) apwouve vaksen COVID-19 la pou timoun ki gen ant 5 an ak 11 an. Piske LPS (Lynn Public Schools) toujou pran sekirite trèzoserye, **nou ankouraje w fè vaksinen pitit ou.**

Prè yo montre vaksen COVID-19 la pa gen danje e li anpeche moun enfekte, li anpeche yo malad grav, li anpeche yo oblije etène lopital, e li anpeche yo mouri. Plis pase 75% jèn ki abite Lynn ki gen ant 12 ak 19 an yo gentan pran omwen youn nan dòz vaksen COVID-19 yo. Si w fè yo vaksinen pitit ou, sa pral ede n anpeche COVID-19 gaye nan lekòl nou yo ak nan kominote nou an. Si w gen nenpòt kesyon sou vaksen COVID-19 la, tanpri, pale avèk medsen pitit ou a.

LPS ap travay avèk Lynn Community Health Center a, Depatman Sante Lynn nan, ak Mass General Brigham pou n ka mete klinik COVID-19 nan lekòl nou yo. Nou pral bay dat yo ak andwa yo talè konsa.

- **Vaksen COVID-19 la gratis.**
- **Ou pa bezwen pyès idantite oubyen asirans.**
- **Ou ka jwenn vaksen an menmsi w pa legal. Si w pran vaksen an, sa pap gen okenn efè sou stati w oubyen stati fanmi w antanke imigran. Règ yo rele 'Chay Piblik' la ("Public Charge") pa konsène moun ki pran vaksen an.**

Yon lòt fwa ankò, LPS ankouraje w fè vaksinen pitit ou. Lè fanmi w vaksinen, se pi bon fason pou w pwoteje tèt ou ak moun pa w yo. Nou apresye èd ou ak efò w ap fè pou lekòl nou yo ka rete an sekirite.

Deborah Tanzer
Direktris Swen Sante
Lynn Public Schools

Patrick Tutwiler
Siveyan Jeneral Lekòl yo
Lynn Public Schools